



Enfòmasyon pou paran Nouyòk

KANÈ LEKÒL

Lwa yo te pase nan lane 2001, ki rele **NO CHILD LEFT BEHIND (NCLB)**, se yon lwa federal pou amelyore edikasyon tout timoun. Lwa sa a bay lekòl yo responsablite pou rezilta elèv yo, li bay paran yo plis chwa, epi li fè pwomosyon metòd ansèyman ki mache. Nan feyè enfòmasyon sa a, nou bay yon pati nan lwa a ki enpòtan pou paran yo konnen.

Plizyè fwa pandan ane lekòl la, yo bay pitit ou a kanè pou yo fè w konnen kouman pitit ou a ap travay lekòl. Dapre lwa NCLB, lekòl pitit ou a ak distrik eskolè kote pitit ou a lekòl la ap resevwa yon kanè chak ane. W ap kapab konnen ki pwogrè lekòl pitit ou a ak distrik kote pitit ou a lekòl la fè nan rive reyalize objektif akademik eta Nouyòk la. Yo ta dwe ba w kanè lekòl pitit ou a nan lang ou konprann lan.

Kanè lekòl pitit ou a genyen enfòmasyon ki enpòtan ladan. L ap ba w enfòmasyon sou-

- Kouman pitit ou a ap travay lekòl la an konparezon ak lòt timoun ki lekòl nan distrik la.
- Konbyen elèv k ap travay nan yon nivo ki wo parapò ak estanda yo, konbyen k ap travay nan yon nivo ki ba parapò ak estanda yo.
- Rezilta **diferan gwoup** elèv nan egzamen leta yo-
 - ti gason ak ti fi,
 - elèv nan diferan gwoup etnik, diferan ras
 - elèv nan diferan gwoup ekonomik,
 - elèv ki poko alèz nan angle, ak
 - elèv ki gen yon andikap (elèv ki nan edikasyon espesyal)
- Nan ki nivo lekòl pitit ou a ye parapò ak objektif akademik eta Nouyòk oubyen
- Si lekòl la **bezwen amelyore**. (Yon lekòl ki bezwen amelyore se yon lekòl ki pa rive reyalize objektif akademik eta Nouyòk la pandan dezan afile omwen nan menm sijè a, nan menm nivo a.)

- Ki kantite elèv ki diplome ayskoul nan distrik la, ki kantite elèv ki kite lekòl san yo pa diplome nan ayskoul.
- Ki kantite pwofesè ki **trè kalifye** pou yo anseye sijè y ap anseye a. (Yon ti pousantaj pwofesè lekòl chatè pa bezwen genyen sètifikasyon eta Nouyòk pou yo konsidere yo kòm pwofesè ki trè kalifye.)
- Ki kantite elèv ki pa te pran egzamen leta yo.

Si lekòl pitit ou a oubyen distrik la pa rive reyalize objektif eta a, administratè lekòl la dwe pran mezi pou yo amelyore rannman lekòl la ak pou yo ede tout elèv aprann pi byen.

Gade kanè lekòl pitit ou a chak ane.

- Mande direktris lekòl la oubyen yon lidè nan asosiyasyon paran an pou yo ba w yon kopi kanè lekòl la. Oubyen ou kapab jwenn yon kopi kanè a sou sit Depatman Edikasyon eta Nouyòk (<http://irfs/reportcard/>).
- Si kanè a difisil pou konprann, poze moun nan lekòl la kesyon pou ou rive konprann sa yo di sou lekòl pitit ou a ak distrik la. Ou kapab pale ak pwofesè pitit ou a, direktris lekòl la, sipèntandan distrik la, oubyen lidè nan asosiyasyon paran. Ou kapab mande pou yo ba w yon entèprèt ki pou tradui pou ou.
- Si lekòl pitit ou a sou lis lekòl ki bezwen amelyore, mande moun nan lekòl la ki mezi yo pran pou yo chanje sityasyon sa a, ki nouvo chwa paran yo genyen, ak kouman paran yo kapab ede lekòl la amelyore rannman lekòl la.



Feyè sa a se youn nan seri feyè enfòmasyon pou paran NY sou lwa federal sou edikasyon ki rele “okenn timoun pa rete dèyè” (No Child Left Behind ann angle). Seksyon III (h) (1) nan “No Child Left Behind” lan kouvri kanè lekòl ak kanè distrik. Si ou bezwen lòt feyè “...Enfòmasyon”, mande direktris lekòl pitit ou a oubyen voye yon lèt elektwonik bay depatman Edikasyon eta Nouyòk la nclbnys@mail.nysed.gov oubyen ale sou sit la <http://www.emsc.nysed.gov/deputy/nclb/nclbhome.htm>. Sit lwa federal No Child Left Behind la genyen yon paj espesyal pou paran <http://www.nochildleftbehind.gov/parents/>.